



Si Ou Enskri nan yon Plan Medicaid Sante...

Èske ou konnen plan Medicaid sante ou an ofri rekonpans lè ou fini yon **pwogram gratis** k ap ede ou sispann itilize tabak? Men kèk bagay ou ka espere jwenn atravè pwogram ke plan ou an ofri a.

ASISTANS PA TELEFÒN

GWOUPE SIPÒ

ASISTANS SOU ENTÈNÈT



MESAJ EKRI

PATCH, CHIKLÈT, EKS.

**Rele plan Medicaid sante
ou an pou jwenn plis
enfòmasyon sou sèvis yo ofri
ki ka ede ou kite tabak.**

Si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon pou kontakte plan ou an, rele liy asistans Medicaid nou an nan

1-877-254-1055 oswa vizite

www.ahca.myflorida.com

/Medicaid



Ajans pou Administrasyon Swen Sante
2727 Mahan Drive
Tallahassee, FL 32308
www.ahca.myflorida.com

Sitwèb Depatman Sante pou Kite Tabak la
<http://tobaccofreeflorida.com>
/quityourway

V.122017

AGENCY FOR HEALTH CARE ADMINISTRATION

ENFOMASYON POU EDE OU

Sispann Itilize Tabak





Tabak ak Lasante Ou

Itilizasyon tabak nwi plizyè pati nan kò ou epi kòz **1 sou chak 5 lanmò** nan peyi Etazini. Lè ou sispann fimen sigarèt, siga ak tabak ki pa gen lafimen (ke yo rele kèk fwa moulen oswa chike), ou redwi risk pou w gen pwoblèm lasante ki gen rapò.

Itilizasyon Tabak Ogmante Chans pou:

PWOBLÈM RESPIRASYON

MALADI KÈ

DYABÈT

TOUS

MALADI JANSIV

LANMÒ ANVAN LÈ



Pwoblèm lasante **pa** toujou vini byen ta.

Gen kèk ki ka parèt **imedyatman** ou kòmanse itilize tabak.



Vizite Doktè Swen Prensipal Ou



Bòn sante kòmanse nan vizite doktè ou. Li enpòtan pou kreye yon relasyon ak doktè swen prensipal ou. Sa ap ede doktè-a vin konnen ou byen epi pale ak ou konsènan lasante ou. Doktè a ap ede ou konprann nesosite medikal ou yo. Konsa tou li ka montre ou fason pou kite tabak.



Avantaj pou Ale kote Doktè Swen Prensipal Ou **Olye de Sal ijans** pou Pwoblèm Lasante ki gen Rapò ak Tabak.



W AP JWENN SWEN NAN MEN **YON DOKTÈ KI KONNEN** ISTWA LASANTE-W



W AP FÈ **MWENS TAN** AP TANN POU YO KONSILTE-W

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite Sitwèb Depatman Sante pou Kite Tabak la

<http://tobaccofreeflorida.com/quityourway>

